

---

# Reyinyon Komite Siveyans Plan Prensipal Stratejik Roxbury

4 Oktòb 2021

# **1. RSMPOC**

## **Byenvini ak Oryantasyon**

# Anrejistreman Reyinyon


---

Sou demann manm yo nan kominote a, aktivite sa pral anrejistre sou paj entènèt Plan Prensipal Stratejik Roxbury nan [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC) pou sila yo ki pa anmezi pou patisipe nan aktivite andirèk Zoom.


Egalman, li posib ke patisipan yo kapab anrejistre reyinyon an avèk telefòn kamera oswa lòt aparèy yo. Si ou pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwofòn ak kamera w.

Si kamera ak mikwofòn ou dezaktive, ou ka toujou patisipe atravè fonksyon chat pa tèks.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Panyòl” – pou Panyòl  
“Kreyòl Ayisyen” – pou Ayisyen  
“Angle” – pou Angle




# Konsèy sou Zoom

---


Byenveni! Men kèk konsèy sou fason pou itilize Zoom pou itilizatè premye fwa. Kontwòl ou yo anba ekran




Itilize chat la pou tape yon kòmantè oswa mande yon kesyon a nenpòt kilè – Manm yo nan RSMPOC/ BPDA ap modere chat la



Pou leve men w, klike sou “Patisipan” anba ekran w lan, e apreswa chwazi opsyon “Leve Men” nan kazyè patisipan an, oswa peze \*9 sou telefòn



Silans/reyaktifite – Patisipan yo ap rete an silans pandan prezantasyon an – prezantatè a pral reyaktifite w pandan diskisyon an si ou leve men w e se moman pa w pou pale. Pou silans/reyaktifite sou telefòn ou peze\*6.



Aktive/dezaktifite videyo w

# Pwotokòl Zoom

---

Nou vle asire ke konvèsasyon an se yon eksperyans agreyab pou tout patisipan yo.

- Tanpri rete an silans jiskaske yo rele w. Si ou ta renmen pale pandan tan sa a tanpri itilize fonksyon “Leve men” nan Zoom kidonk yon moderatè BPDA kapab reyaktifè son patisipan yo.
- Tanpri respekte tan chak moun.
- Nou mande pou patisipan yo limite kesyon yo kidonk lòt moun kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun kap patisipe yo gen yon opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa anmezi pou reponn kesyon w nan reyinyon sa a tanpri mete yo nan Chat la nan fen an oswa imèl [Kelly.sherman@boston.gov](mailto:Kelly.sherman@boston.gov)

# Kalandriye

---

- 1. Akèy RSMPOC**
- 2. Vòt ak Rekòmandasyon PRC pou Apèl dòf teren Crescent lan**
- 3. Aktyalizasyon Apèl dòf P-3**

# Prezantasyon ak Mizajou RSMPOC

---

## *Premye Lendi nan Mwa*

11 Janvye 2021

1ye Fevriye 2021

1ye Mas 2021

5 Avril 2021

3 Me 2021

7 Jen 2021

12 Jiyè 2021

**\*\*Pa gen reyinyon nan mwa Out\*\***

13 Septanm 2021

**4 Oktòb 2021**

1ye Novanm 2021

**\*\* Pa gen reyinyon nan mwa Desanm\*\***



# Responsablite RSMPOC

---

- Komite Siveyans Plan Prensipal Roxbury (RSMPOC) te kreye nan 2004 alaswit yon Plan Prensipal Estratejik Roxbury (RSMP).
- RSMPOC reprezante lajman katye Roxbury e li gen ladan Majistra ki nonmen yo, nonmen pa eli ofisyèl yo, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè yo.
- RSMPOC sipèvize enplemantasyon Plan Prensipal Estratejik Roxbury ak PLAN: Nubian Square.

# Antre. Angaje. Pran Aksyon.

---

- **Antre:** Antre nan Komite Siveyans Plan Prensipal Estratejik Roxbury, ak/oswayon Komite Revizyon Pwojè (PRC).
- **Angaje:** Patisipe nan reyinyon piblik yo. Mande kesyon. Envite vwazen yo, gwoup sivik Roxbury ak òganizasyon yo, biznis, pwopriyete adjasan oswa lòt kominote afilye nan reyinyon piblik yo.
- **Pran Aksyon:** Revize aksyon ak kòmante sou pwojè yo, devlopman, ak inisyativ planifikasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon kap vini yo, pwojè devlopman ak kijan pou patisipe, vizite [bit.ly/theRSMPOC](https://bit.ly/theRSMPOC)

# Objektif Plan Prensipal Orijinal 2004


---

- Amelyore **Kilti lavi & sivik** nan katye a
- Ankouraje **kwasans divès & dirabilite** avèk djòb pou rezidan lokal yo
- Asire **transpòtasyon prive piblik nan yon fason ki ansekirite & pratik**
- Elaji & amelyore **lojman pou yon varyete** laj ak gwoup sosyo-ekonomik
- Kreye yon **domèn piblik konfòtab, antouzyas, ak ansekirite** ki montre divèsite rezidan lokal yo
- Amelyore **patisipasyon kominotè** ak **otonomizasyon** komite yo grasa a yon responsablite kwasan gouvènman, ak enstitisyon ak biznis yo

# **2. Teren Crescent PRC Vòt ak Rekòmandasyon**

# Teren Crescent

- Teren 6773 mèt kare ki nan ang bouleva Melnea Cass ak ri Tremont.
- Sit la se yon pakèt pasèl ki pou BPDA, Vil la epi pou MassDOT
- Pasèl ki sou kote a se pou Achidyosèz Boston.



# Pwosesis Apèl dòf

---

- PLAN an: Pwosesis Nubian nan te lanse an 2016 pou ka gide pwosesis apèl dòf pou 10 pwopriyete piblik.
- Angajman kominotè pèmanan ki dire twa lane a te genyen atelye piblik, vizit a pye epi rasanbleman kominotè pou yo ka pataje enfòmasyon, defini yon vizyon alontèm epi pou mande reyaksyon kominote a.
- Objektif devlopman apèl dòf yo jwenn yo te motive pa bezwen kominote a, tankou lojman a bon pri, devlopman ekonomik, devlopman san deplasman, kondisyon pou bon jan travay, divèsite ak enklizyon, dirabilite ak lòt avantaj kominotè.

# Pwosesis Apèl dòf

---

- Soti oktòb 2019 rive fevriye 2020, BPDA te òganize 4 reyinyon piblik ki te konsantre sou Crescent Parcel.
- Yon dènnye reyonyon ki t ap fèt an mas 2020, yo te repòte li akòz pandemi COVID la.
- BPDA te prezante yon apèl dòf revize an oktòb 2020 pandan yon rankont vityèl. Nan reyaksyon kominote a, yo te plede pou pyebwa ki genyen yo jwenn plis pwoteksyon epi pou egzijans yo ki konkrè nan kesyon espas ki ouvri. Yo te revize oryantasyon final nan kesyon konsepsyon yo pou yo te kapab konsidere demann sa yo.
- Apèl dòf la te fèt an janvyè 2021 e yo te soumèt repons pwomotè yo an avril 2021.

# Manm Komite Revizyon Pwojè yo

---

## Manm RSMPOC:

- Norm Stenbridge
- Steven Godfrey
- Valeda Britton
- Fred Fairfield
- Frank Williams

## Rezidan ak Pwopriyetè Biznis Lokal yo:

- Alison Pultinas
- Zara Zsido
- Melissa Mills
- WaWa Bell
- Nina LaNegra



# Pwosesis PRC a

---

- PRC a reyini sis fwa deja ant jen e out 2021
- Nan aktivite yo gen:
  - Devlopè yo ap prezante pwopozisyon yo an piblik
  - Entèvyou ak twa ekip devlopman yo
  - Vizit sou plas
  - Analiz kòmantè piblik yo
  - Analiz pwopozisyon yo an detay pa rapò a kritè evalyasyon yo

# Pwopozisyon Teren Crescent:

## Planning Office of Urban Affairs & J. Garland Enterprises

### Itilizasyon: 313 000 pye kare konstwi

- 253 000 pye kare Rezidansyèl (217 inite, de tyè abòdab)
- 31 000 pye kare espas kominotè ak sèvis pawasyal
- 40,000 pye kare espas komen batiman
- 65 000 pye kare espas ouvè
- 94 espas pou pakin



# Pwopozisyon Crescent Parcel:

## OnyxBoston

### Itilizasyon: 277 000 pye kare konstwi

- 146 000 pye kare Rezidansyèl (164 inite, de tyè abòdab)
- 37 000 pye kare espas komèsyal
- 32 000 pye kare espas ouvè
- 202 espas pou pakin



# Pwopozisyon Crescent Parcel:

## Trinity Financial & Madison Park Development Corporation

### Itilizasyon: 317 000 pye kare konstwi

- 263 000 pye kare Rezidansyèl (177 inite, de tyè abòdab)
- 12 000 pye kare espas kominotè
- 83 espas pou pakin



# Rekòmandasyon PRC

---

## PRC la rekòmande Planning Office of Urban Affairs & J. Garland Enterprises pou konsepsyon Teren Crescent la.

- **Konsèp Devlopman:** Gen plis kantite inite rezidansyèl, gen plis pase 2, 3 e 4 chanm a kouche pou reponn a bezwen fanmi yo, epi espas pou itilizasyon sèvis sosyal ki genyen sou teren an. Pwogram devlopman an ka entegre tout blòk la de fason global gras a kontwòl teren ozalantou yo.
- **Konsepsyon Iben:** Depase kantite espas ouvè ki nesèsè a epi li gen yon plan byen panse e ki reyalizab pou pwoteje plis pyebwa posib sou teren an.
- **Plan Divèsite ak Enklizyon:** Plan sansibilizasyon ki vrèman solid e ki byen elabore sou divès nivo devlopman. Yonn nan de responsab devlopman yo se MWBE, e gentan gen plizyè MWBE ki angaje yo nan ekip pwojè a. Janey Construction pwopoze yon plan sansibilizasyon ak rekritman konplè pou abouti a wo nivo depans ti kontraktyèl MWBE yo.
- **Kapasite Fimansman/Frè Devlopman ak Eksplwatasyon:** Pwomotè a gen kapasite pou rive finansè devlopman an jan sa pwopoze la a: Aktè prensipal yo gen ase aktif pou yo ka finansè depans pre devlopman yo, sous finansman yo anvizaje yo rezonab e yo byen kalkile yo, epi depans pou konstriksyon yo koresponn a devlopman yo pwopoze a.

# Pwochen Etap

---

PRC a konkli premye faz travay li a, men pwosesis kominotè kòmanse apati de etap sa a.

- Komite kap Siveye Plan Jesyon Estratejik Roxbury a ap vote aswè a
- BPDA a bay Nominasyon Pwovizwa
- Pwomotè a mande apwobasyon, pèmi ak sibvansyon piblik. Sa gen ladan li pwosesis revizyon ak devlopman atik 80 an.
- Komite kap Siveye Plan Jesyon Estratejik Roxbury a ap kontinye swiv chak pwojè nan kontèks elaji katye a.
- PRC a ap gen pou jwe yon nouvo wòl antan ke Gwoup Konsiltatif sou Enpak epi l ap travay kole sere ak anplwaye Meri a, epi l ap kontinye travay antan ke kominote pou garanti yon akò kolaborasyon sou avantaj piblik yo, bidjè yo ak kalandriye yo.

# **Kesyon ak Kòmantè de RSMPOC**

**Kesyon ak Kòmantè de Kominote a**



**Vòt RSMPOC**

# Vòt RSMPOC

---

- Catherine Hardaway
- Charlotte Nelson
- Dorothea Jones
- Frank Williams
- Frederick Fairfield
- Lorraine Payne Wheeler
- Marisa Luse
- Nefertiti Lawrence
- Norman Stembridge
- Steven Godfrey
- Sue Sullivan
- True-See Allah
- Valeda Britton

# **3. Aktyalizasyon Apèl dòf P-3**

# Apèl Dòf P-3

---

- **Atelye 1 Fevriye:** Pou konprann kondisyon ki egziste yo, kijan nou kapab planifye avèk sit la, epi idantifye kijan li posib pou itilize sit la nan kontèks Nubian Square la.
- **Atelye 2 Mas:** Diskite sou posib amenajman sit la, itilizasyon posibilite yo ak defi yo.
- **Atelye 3 Avril:** Diskite sou konsiderasyon konsepsyon iben yo
- **Me:** Konferans Sansibilizasyon Pwomotè divèite yo, an kolaborasyon ak Kowalisyon Batisè Koulè yo.
- **Atelye 4 Jen:** Diskite sou posib amenajman sit la, itilizasyon posibilite yo ak defi yo.
- **Atelye 5 Out:** Prezante pwojè apèl dòf la pou kòmantè
- **Chat 23 Out ak yon Planifikatè:** Posibilite enfòmèl pou diskite sou apèl dòf la epi pou moun ka fè kòmantè
- **RSMPOC Septanm:** RSMPOC te vote pou apwouve apèl dòf P-3 a, enkli kòmantè yo te resevwa anvan 24 septanm
- **29 Septanm:** Aktivite Rezotaj P-3

**RSMPOC Oktòb:** Mizajou sou vèsyon final apèl dòf P-3 a, enkli kòmantè yo

# Kòmantè depi 13 septanm

---

## Kontèks

- **Paj 6** - Ajoute yon deskripsyon de Reggie Lewis Track ak Athletic Center epi Madison Park Community Center sou Deskripsyon sit la antan ke ekipman katye a.
- **Paj 7** - Revizyon Seksyon "History of the Property" pou kapab souliyen enpòtans Roxbury antan ke sant komèsyal e kiltirèl, itilize Connolly's kòm egzanp kle.

## Espas Ouvri

- **Paj 40** - Te ajoute lang ke kote yo pwopoze a nan 20,000 sf nan espas louvri konsolide nan RFP a rekòmande, pa obligatwa. Yo ka konsidere yon lòt kote pou espas ouvri konsolide a si yo reyalize menm koneksyon ak objektif espas ouvri yo.

## Ansyen Whittier Street Neighborhood Health Center

- **Paj 7** - Ajoute yon tèks nan deskripsyon batiman an ki di gen kèk moun nan kominote a ki enterese pou konsève epi re itilize batiman an..

# Kòmantè depi 13 septanm

---


## Travay ak Devlopman Richès

- **Nan tout dokiman an** - Ranplase "kreyasyon richès" ak "jenerasyon richès" pa "devlopman/kreyasyon richès"
- **Paj 15** - Ajoute "travay nan anviwònman" nan lis posib nouvo opòtinite travay yo
- **Paj 16** - Chanjman tèks ki konsènen fòmasyon pwofesyonèl pou li aplike a tout itilizasyon ki ka bay travay, tankou nan komès, fabrikasyon, syans lavi, travay nan anviwònman, elatriye; epi ajoute yon lòt tèks pou mete aksan sou travay ki nan faz planifikasyon e nan faz eksplwatasyon/antretyen yo
- **Paj 17** - Modifikasyon tèks sou salè yo pou yo ka entegre Nòm pou Bon jan Taway yo. "Salè ki gen rapò ak travay yo dwe koresponn a kategori yo asosye yo a epi ofri yon pi bon kalite vi ak yon pèspektiv mobilite ekonomik pou moun k ap viv nan rejyon an. *Jan y o defini "bon salè" a nan Nòm pou Bon jan Taway yo nan paj 53 a dwe konsidere kòm yon minimòm."*
- **Paj 17** - Deplasman "majorite moun nan kominote a ekspriye preferans yo pou jwenn pwopriyete a kòm opòtinite devlopman ak richès" nan yon pi bon espas pou yo ka ranfòse li.
- **Paj 21** - Ajoute plis detay nan "Opòtinite pou Koopere ak Lekòl Piblik nan Boston" sou avantaj, fòmasyon ak pwogramasyon BPS ta renmen wè yon devlopman fèt pou elèv Madison Park/O'Bryant yo.

# Kòmantè depi 13 septanm

## Transpò

- **Paj 31** - Nou resewa kòmante ki eksprime preokipasyon lefèt ke apèl dòf la sijere yon lajè de 70 a 75 pye pou kèk pati nan Vernon Street ak nan Hampshire street.
  - Pou klarifye, lajè sa a pa koresponn a 70 pye espas pou sikilasyon. Li fèt pou kite espas pou lòt eleman ki nan konsepsyon ri a okonplè, tankou twotwa, wout pou bisiklèt, espas pou repoze, pyebwa, epi vwa pou sikile nan tou lè de direksyon yo.



## KEY



# Apèl Dòf P-3

---

## Pwochen Etap:

- **Nominasyon nan PRC yo ouvri:** <https://bit.ly/P-3PRC>
- **14 oktòb:** Konsèy administrasyon BPDA vote pou publikasyon apèl dòf P-3
- **27 oktòb:** Apèl dòf P-3 pibliye (dat pwovizwa)
- **2022:** Pwosesis seleksyon an kòmanse



# Rankont novanm RSMPOC

---

- **1 novanm:**
  - **Prezantasyon BFIT**
  - **Revizyon Devlopman Nubian Square**

# Appendix

# Tablet/Phone Screenshot

